



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ 37 KAY \$12.3 MILYON
“BINGHAMTON GATEWAY”**

Bay Kay Lojman Ki A Pri Abòdab yo Pou Fanmi Ki Gen Revni Fèb yo ak Moun Ki Gen Andikap Fizik yo

Anons Achèvmàn “Southern Tier Soaring” yo – Ki se Plan Konpreyansif Rejyon an pou Jenere Kwasans Ekonomik ki Djanm Ansanm ak Devlopman Kominote a.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti \$12.3 milyon “Binghamton Gateway,” ki se yon devlopman lojman ki a pri abòdab ki gen 37 kay nan Binghamton’s First Ward. Sitiye nan Front Street, devlopman an genyen 37 kay ki a pri abòdab ki disponib pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo, sis ladan yo te konsevwa pou kapab sipòte moun ki gen andikap fizik yo.

“Lojman ki a pri abòdab yo se plis ke jis kat mi – li bay yon plas ki seren epi ki sekirize pou Nouyòkè ki vilnerab yo ke yo kapab rele lakay yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “‘Binghamton Gateway’ pral ede retounen pote lavi nan zòn sa pandan ke an menm tan l’ap pwomouvwa kominote ki pi solid, ki pi rezistan atravè Southern Tier pou jenerasyon k’ap vini yo.”

Pwojè a te reyamenaje 11 batiman nan Front Street epi li te konstwi yon nouvo batiman a itilizasyon miks ki gen de (2) vitrin komèsyal ak 10 kay rezidansyèl nan espas ansyen Lincoln Hotel la ki nan 168 Clinton Street, yon moniman lokal ki te detwi pa dife. Pwojè a genyen ladan enfrastrikti jesyon dlo tanpèt yo, fòtifyan ki ranfòse pou mi eksteryè yo, ak elevasyon sistèm mekanik ak elektrik yo pou kapab kenbe yo sekirize nan ka yon inondasyon. Southern Tier Independence Center pral bay sèvis sipò yo pou lokatè ki gen andikap yo.

James S. Rubin, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal), te deklare, “Abilite nou pou konbine mekanik finansman yo pou vin tounen yon sèl sous ki ap bay yon avantaj pwisan pou kominote yo ak antreprenè yo ki ap chèche lanse rapidman pwojè ki valab yo. Pou Binghamton Gateway, ki se yon konplèks apatman rezistan ki dirab epi pou tanpèt, nou felisite epi nou remèsye patnè

gouvènman ak devlopman nou yo pou pati krisyal ke yo te jwe nan kreyasyon kay ki a pri abòdab sa yo.”

Atravè pwogram Finansman Inifye li an, Renouvèlman Kominote ak Kay New York yo, ki sipèvize Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a (Governor’s Office of Storm Recovery), ki te bay prèske \$7 milyon nan Sibvansyon Blòk Devlopman Kominote federal– fon Retablisman Dezas yo (Community Development Block Grant– Disaster Recovery funds, CDBG-DR); \$4.8 milyon ekite kredi enpo atravè Kredi Enpo Lojman pou Moun Ki Gen Revni Fèb yo (Low Income Housing Tax Credits); fon Meteyorizasyon yo; ak yon prè ki soti nan Fon Envestisman Kominote Fon Konfyans Lojman (Housing Trust Fund Community Investment Fund). Yo te bay finansman adisyonèl pou lojman an atravè fon RESTORE Binghamton yo ak yon sibvansyon \$496,975 ki soti nan Empire State Development. Kredi enpo yo te fè entèmedyè pa Enterprise Community Investment, Inc. epi M&T Bank se investisè a.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Achèvman pwojè ‘Binghamton Gateway’ lan bay 37 moun ak fanmi lojman ki a pri abòdab ak yon opòtinite pou kapab rekonstwi. Aksè a lojman ki a pri ki abòdab li esansyèl pou fòs ekonomik ak sante kominote nou yo. 37 kay ki reyamenaje yo, ansanm ak vitrin ak yon batiman miltifonksyon, yo te refè seksyon sa nan Binghamton’s First Ward epi yo te etabli li antan ke yon vwazinaj ki ap leve apre devastasyon Tanpèt Twopikal Lee. Mwen kontan anpli pou achèvman pwojè a, epi nou pral kontinye konbat pou bon jan kalite lojman ki a pri abòdab pou sila yo ki nan nesosite.”

Tom Tranter, ki se Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier, Prezidan & CEO Corning Enterprises ak Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, te deklare, “Tanpèt Twopikal Lee te devastan pou anpil moun ki nan Southern Tier. Sipòte renesans vwazinaj ki an detrès yo tankou vwazinaj sa, li fè pati pi gwo priyorite Konsèy lan yo. Lojman miltifonksyon ak antrepriz komèsyal sa pral ale lwen nan sipòte jefò ekonomik yo ki deja ap antreprann yo ki vize retounen bay enèji nan Binghamton. Gras a vizyon ak angajman Gouvènè Cuomo a pou jenere kwasans ekonomik nan Southern Tier, nou ka espere wè pwogrè ekonomik reyèl pou ane ki gen pou vini yo.”

Lisa Bova-Hiatt, ki se Direktris Ekzekitif Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a, te deklare, “Domaj ki te koze pa tanpèt sevè yo li pa limite a zòn kotyè Eta yo. Southern Tier te pran yon gwo frap nan men Tanpèt Twopikal Lee. Fon CDBG-DR yo te pèmèt nouvo batiman ak batiman ki reyamenaje nan Binghamton Gateway yo pou yo vin pi rezistan kont konsidyon meteyo ki sevè yo, epi ede moun ki te deplase yo pou rete oswa retounen nan kominote a.”

Jerry Willard, ki se Direktè Ekzekitif Konsèy Aksyon First Ward (First Ward Action Council, FWAC), te deklare, “Pwojè a se yon reysit reyèl: ki ap bay lojman ki atiran, retire wouy ki sou yon wout prensipal nan vil yo, epi ede kreye yon pi bon anviwònman pou biznis. Se te anpil travay, men nou te jwenn anpil èd nan men ekip ekonomik ak lojman Gouvènè Cuomo yo, enstitisyon finansye yo, ofisyèl gouvènman yo, ak anpil

konsiltan ak kontraktè yo ki te ede nou òganize Binghamton Gateway Homes.”

Tom Eastman, ki se vis prezidan sendika nan Enterprise Community Investment, te deklare, “Binghamton Gateway Homes se yon lòt etap krisyal nan fè First Ward vin tounen yon kominote ki pi dinamik ankò. Li konstwi pwojè anvan yo ki te ranfòse kominote sa, fè lojman ki byen konsevwa vin a pri ki abòdab pou dè douzèn fwaye adisyonèl, epi li kontinye ak revitalizasyon vwazinaj la. Nou kontan anpil pou nou kontinye patenarya nou ansanm ak Eta New York ak Konsèy Aksyon First Ward lan pou kapab kreye kay ki amelyore lavi moun ki nan Binghamton.”

Richard C. David, ki se Majistra Binghamton, te deklare, “Vil Binghamton pral kontinye pou fè patenarya ansanm ak Konsèy Aksyon First Ward nan pote nouvo lavi nan vwazinaj nou yo epi investi nan lojman a pri abòdab ke yo bezwen anpil yo. Pwojè sa pral favorize plis revitalizasyon nan distrik biznis First Ward lan epi sipòte lòt inisyativ kominote yo ki an pèspektiv yo.”

Senatè Fred Akshar te deklare, “Kominote nou an kontinye retounen vin pi bon epi pi solid chak jou. Mwen aplodi tout patnè nou yo ki te travay ansanm pou fè destwiksyon ak pèt yo vin tounen yon opòtinite pou moun ki nan vwazinaj sa.”

Donna Lupardo, ki se Manm Asanble, te deklare, “Pwojè Binghamton Gateway lan te yon kokennchenn inisyativ pou kapab transfòme vwazinaj sa. Pandan twò lontan, pati sa nan kominote nou an te sipèvize epi sitiyaasyon an te vin pi mal ankò akòz Tanpèt Twopikal Lee an. Sa se yon bèl ekzanp de rezilta pozitif yo ki soti nan kolaborasyon ant gouvènman, konpayi san bi likratif yo ak sektè prive. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak tout moun ki te fè revitalizasyon sa vin posib.”

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplèman pwojè “Southern Tier Soaring la”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta New York te deja investi plis pase \$3.1 milya nan rejyon an depi 2012 pou jete baz travay pou plan an – ki ap atire yon mendèv ki talantye, devlope biznis epi atire inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsònèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Vil Johnson ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Kounye a, rejyon an ap akselere “Southern Tier Soaring” ak yon investisman \$500 milyon atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò New York lan, ki te anonse pa Gouvènè Cuomo an Desanm 2015. Investisman \$500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418